

DAT _____

LEKÒL _____

ELÈV _____ PARAN/GADYEN _____

Chè Paran/Gadyen,

COVID-19 lakoz tout lekòl te fèmen. Se poutèt sa Eta New York te anile administrasyon Tès Angle kòm Dezyèm Lang 2020 (New York State English as a Second Language Achievement Test - NYSESLAT). Elèv kap aprann Angle yo (English Language Learners - ELLs) pral resewa menm sèvis yo, menm kantite enstriksyon Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department - NYSED) preskri pou etid Angle kòm yon nouvo Lang (English as a New Language - ENL) ki baze sou nivo konpetans elèv yo dapre NYSESLAT yo te pran an 2019. Nou gen pwojè pou administre NYSESLAT nan prentan 2021. Jiska lè sa, yo ankouraje distri yo pou itilize pi bon zouti ki pèmèt yo kontwole pwogrè ak ede yo devlope yon pwogram enstriksyon apwopriye ki baze sou bezwen endividyèl elèv la.

Kazyè ki tcheke anba endike nan ki kategori pitit ou a klasifye dapre nivo ELL aktyèl li.

Kontinyasyon Elijiblite

Pitit ou te fè yon nòt nan nivo _____ nan NYSESLAT 2019, sa endike ke pitit ou fèt pou l kontinye resewa sèvis ELL Règlemantasyon Pati 154 Komisyonè a egzije. Pitit ou an pral rete nan pwogram ELL ke li deja enskri a.

Estatè Sòti nan ELL

Dapre nivo "Expanding" pitit ou te rive nan NYSESLAT 2019 ak nòt 65 ou plis li te fè an janvyè 2020 nan Egzamen Regents Lang Angle Eta New York, kounyea nou konsidere pitit ou kòm yon ansyen ELL. Ansyen ELL yo gen dwa pandan dezan pou yo resewa sèvis pou ansyen ELL ak akomodasyon nan egzamen Eta New York.

Idantifikasyon Inisyal ELL

Baze sou repons ou yo nan Kesyonè sou ki Lang ou pale lakay ou ansanm avèk rezilta entèvyou endividyèl la, nou te detèmine ke pitit ou se yon potansyèl ELL e li pral kòmanse resewa sèvis ELL jiskaske yo ka administre tès idantifikasyon pou Elèv kap Aprann Angle nan Eta New York (New York State Identification Test for English Language Learners - NYSITELL). Rezilta tès NYSITELL pral detèmine nivo ELL pitit ou, konpetans li ak kantite enstriksyon ENL pitit ou pral resewa nan moman sa dapre règlemantasyon Pati 154 Komisyonè a.

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte _____ nan _____.

Kòdyalman,

Direktè oswa Reprezantan